



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 6/8/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO AVANSE PI GWO PWOTEKSYON NAN PEYI A POU KONBAT CITIZENS UNITED**

***Opinyon Avoka Gouvènè a sou kesyon sa pou antite ranfòsman yo sou  
'Endepandans'; Gouvènè a ap avanse lejislasyon enpòtan pou entèdi strikteman  
kowòdinasyon nan lwa sou eleksyon nan Eta New York pou premye fwa***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke lap pran premye aksyon nan peyi a pou diminye sou pouvwa kanpay depans endepandan ki te deklanche nan ane 2010 pa Tribinal Siprèm Etazini nan ka Citizens United kont. Komisyon Federal Eleksyon. Avoka Gouvènè a, Alphonso David, te bay yon [opinyon](#) pou antite ranfòsman yo kap ofri konsèy sou lwa eta ki egziste deja ak keseswa kowòdinasyon egziste ant kanpay depans endepandan ansanm avèk kandida yo sipòte. Opinyon an klarifye kondwit pèmisi dapre lwa eta e li travay pou konsève entegrite pwosesis elektoral la nan New York.

Gouvènè a ap avanse tou yon lejislasyon ki ta limite “quid pro quo” danje ki poze pa gwo don kòporasyon yo epi asire ke gwoup depans endepandan rete otonòm de antite yo ke li sipòte. Lejislasyon an ta ranfòse tou egzijans divilgasyon epi mandate gwoup sa pou l rapòte idantite kèlkeswa moun kap egzèse kontwòl sou yo, ansanm avèk nenpòt ansyen anplwaye oswa manm fanmi pwòch yon kandida. Gouvènè a te fè anons lan nan yon diskou li te fè nan Fordham University School of Law.

“Jodia, tout Nouyòkè yo ka vote epi pale libreman — men pouvwa pou enfliyanse ak pouvwa pou fè tandè vwa ou nan eleksyon te baskile odela tout rekonesans lè Tribinal Siprèm Etazini te konfime Citizens United. Desizyon sa te menm jan avèk yon kanpay zam nikleyè e li te kreye yon endistri lonbraj nan New York — kalomnye entegrite pwosesis elektoral la epi diminye vwa moun yo. Yo dwe ranvèsè Citizens United.”  
**Gouvènè Cuomo te deklare.** “Antanke Gouvènè New York, map pran aksyon pu diminye sou pouvwa antite endepandan yo epi asire ke komite sa yo pa ka kontounen lalwa ak twonpe sistèm nan. Nap ranfòse tou egzijans divilgasyon yo kidonk nap konnen egzakteman kilè ak ki kote lajan sispèk sa ap soti. Mesaj nou klè: Nan New York, demokrasi pa pou vann. Mwen ankouraje anpil Lejislasti Eta pou rejwenn avèk mwen pou restore konfyans pèp la nan gouvènman epi pase lwa sa pandan sesyon sa.”

Pandan dènye senkan ki sot pase yo, abilite mwayèn sitwyaen yo pou enfliyanse gouvènman yo te ewode. Jodia, pouvwa elektoral la te eklipse pa donè rich yo, avèk eleksyon ke yo te achte ak vann. Sa a sèlman anvayi pa yon klas mwayen ki te vini

ekonomikman konpwomi pandan inegalite revni an ap kontinye ogmante. Pandanke gen anpil faktè ki antre ankont, Citizens United te fè plis domaj nan angajman sivik pase nenpòt lòt desizyon Tribinal Siprèm nan istwa politik modèn.

## **Opinyon Avoka osijè aplikasyon lwa sou eleksyon nan atik 14**

Manke klate nan lwa sou eleksyon nan atik 14, te makonnen avèk asosyasyon ilegal, te kreye ensètitud osijè limit kondwit ki otorize e li te kondwi a preyokipasyon abi flagran nan lwa. Pou adrese preyokipasyon konsistan sa avèk obligasyon konstitisyonèl Gouvènè a pou asire ke yo egzekte komsadwa lwa Eta Nouyòk, opinyon avoka bay gid sou entèpretasyon endepandans ak kowòdinasyon dapre lwa sou eleksyon nan Eta New York.

Opinyon an endike ke dapre lwa aktyèl la, yon depans endepandan pa ka gen ladan kominikasyon kote kandida, komite politik kandida, oswa yon pati, konstitye oswa komite politik “otorize, mande, sijere, adopte, oswa kopere nan kalite kominikasyon sa.” Tèm “otorize, mande, sijere, adopte, oswa kopere” pa defini nan lwa a.

Toutfwa, gen yon pwen komen nan faktè yo ki adapte nan definisyon debaz sa yo, ki demontre kowòdinasyon ak yon mank endepandans. Opinyon Avoka endike ke regilatè yo ki gen responsab pou ranfòse dispozisyon depans endepandan nan lwa sou eleksyon an dwe pran an konsiderasyon chak nan faktè sa yo:

- Kesewa yon kandida te fòme yon antite ki annapre vin fè depans kap benefisye kandida a;
- Kesewa yon kandida te ranmase lajan nan non yon antite ki annapre vin fè depans kap benefisye kandida a;
- Kesewa yon antite kap fè depans benefisye yon kandida kap fonksyone pa ansyen anplwaye oswa manm fanmi pwòch kandida;
- Kesewa yon kominikasyon repwodi materyèl ke kanpay yon kandida te prepare, tankou pwodiksyon difizyon;
- Kesewa yon antite kap fè depans kap benefisye yon kandida nan diskisyon stratejik avèk kanpay kandida sou strateji kanpay la;
- Kesewa yon antite kap fè depans kap benefisye yon kandida pataje vandè oswa espas avèk kanpay kandida; e kesewa yon donè pou yon kandida bay egalman yon pati materyèl nan kontribisyon total a yon antite kap fè depans kap benefisye kandida a.

Opinyon an jije ke faktè sa yo nesèsè pou asire yon separasyon apwopriye ant kandida yo ansanm avèk antite endepandan yo, ak pou reyalize entansyon debaz lejislasyon ki egziste deja. Konfòmman, opinyon an afime yon chanjman nan lwa ki egziste deja nesèsè pou kodifye nan fason apwopriye yon demakasyon ant kandida yo ak depansè endepandan ak pou sipòte enterè piblik nan yon pwosesis elektoral lib ak responsab. Opinyon an afime tou ke yo ta dwe plis ranfòse lwa pou klèman souliye vyolasyon yo sou egzijans endepandans lan avèk kontwòl apwopriye si sa nesèsè.

## Lejislasyon Gouvènè a

Nan yon efò pou konsève entegrite eleksyon yo epi restore konfyans moun yo nan gouvènman an, Gouvènè Cuomo ap avanse premye lejislasyon nan peyi a pou limite posib aranjman negatif “quid pro quo” ant donè yo, otorite eli ansanm avèk kanpay depans endepandan yo. Lejislasyon an mete sou pye pi gwo lwa anti-kowòdinasyon nan peyi a e li entèdi klèman kowòdinasyon nan lwa sou eleksyon Eta New York pou premye fwa.

Dapre pwopozisyon Gouvènè a, yo ta anpeche kandida yo pou yo pa fòme komite, yo pap otorize ansyen anplwaye oswa manm fanmi kandida jere PAC yo ak pou kandida diskite sou strateji avèk komite yo nan lespas 6 mwa de eleksyon an. Lwa ta mande tou pou depansè endepandan yo idantifye nenpòt moun kap egzèse kontwòl sou gwoup la, ansanm avèk nenpòt ansyen anplwaye oswa manm fanmi pwòch kandida yo.

Spesyalman, lejislasyon Gouvènè a ta:

- Ajoute “kowòdinasyon” nan lis depans non-endepandan epi defini senaryo ki annaprè yo jan li entèdi kowòdinasyon:
  - Kandida oswa ajan kandida te fòme depans antite a;
  - Kandida oswa ajan li yo te ranmase lajan pou depans antite a;
  - Ansyen anplwaye kandida te fòme antite kap depanse a;
  - Yon manm fanmi pwòch kandida ap jere antite depans la;
  - Kominikasyon an repwodui materyèl ki gen rapò avèk kanpay la ki pa piblik;
  - Kandida oswa ajan kandida te mande oswa sijere kominikasyon an;
  - Kandida oswa ajan kandida te patisipe materyèlman nan kominikasyon an;
  - Kandida oswa ajan kandida te angaje nan diskisyon enpòtan avèk depansè a osjè kominikasyon an;
  - Depansè a te angaje nan yon diskisyon stratejik avèk kandida oswa ajan kandida nan yon peryòd sis mwa anvan eleksyon enpòtan; ak
  - Yon kontribitè akeri yon enterè dominan nan depans antite a e kandida te parèt nan yon aktivite avèk depansè a, kandida a oswa ajan kandida te pataje yon vandè avèk depansè a, oswa kominikasyon an te soti nan yon enfòmasyon ki pa piblik sou kanpay kandida.
- Mande divilgasyon adisyonèl pou moun ak antite yo kap fè depans endepandan.
- Etabli ke nenpòt penalite kriminel ki soti nan lwa sou eleksyon an ap egzije yon vyolasyon koni ak volontè annakò avèk seksyon 14-126 nan lwa sou eleksyon an ki egziste deja.

## Citizens United kont. Komisyon Federal sou Eleksyon

Nan 2008, òganizasyon konsèvatif non-pwofi Citizens United te pwodui yon fim ki rele *Hillary: Fim nan*, ke yo te vle pou l pase tankou yon piblisite televizyon peye. Daprè lwa 2002 sou refòm kanpay Bi-patizan, montre fim lan pandan emisyon televizyon te yon

vyolasyon nan lwa federal la. Nan 2008, Distri Tribinal Etazini pou Distri Columbia te konfime BCRA e lite jije ke Citizens United te gen entèdiksyon pou pase yon anons televizyon peye alavans de primè demokratik. Nan 2010, Tribinal Siprèm te ranvèse desizyon an e li te bay yon desizyon rapid ki te anpeche gouvènman pou mete restriksyon sou kreyasyon anpil komite depans endepandan.

Kòm yon rezilta, depans pa gwoup eksteryè yo — sila yo kap fonksyone endepandan de kandida politik yo— te plis pase double depi 2010. Senkan de sa, apeprè 80 Super PAC yo te anrejistre avèk FEC, avèk depans endepandan ki totalize pis pase \$90 milyon. Nan 2012, plis pase 800 Super PAC te anrejistre avèk FEC, avèk gwoup depans ki apeprè \$800 milyon nan peryòd sa.

Nan twa peryòd eleksyon depi 2010, Super PAC yo te depanse plis pase yon milya dola. Preske 60 pousan nan don sa yo — plis pase \$600 milyon — te fèt pa sèlman 195 moun ansanm avèk konjwen yo. Nan kanpay eleksyon 2016 la, Super PAC yo te ranmase preske mwatye nan lajan jis nan fen mwa fevriye te soti nan men 50 gwo donè sèlman ansanm avèk konjwen yo.

Nan 2014, premye seri a depi Lwa New York la te ogmante egzijans pou rapòte kanpay depans endepandan yo, te depanse \$60 milyon nan kous elektoral sena eta. Pami sa, komite depans endepandan te responsab pou sèlman \$15 milyon dola. Pa konparezon, yo te ranmase sèlman \$2 milyon dola nan kontribisyon endividyèl. Depans nan kous elektoral ki pi chè, pou 40yèm Distri Sena, ki totalize \$7.5 milyon, plis pase sa nou te depanse nan 91 pousan nan kous elektoral chanm Etazini nan menm ane a.

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl ki disponib nan [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
New York State | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418